



Re-ouvèti New York

Enstriksyon pou Sèvis Relijye ak Fineray yo

Enstriksyon sa yo aplike pou tout rasanbleman relijye ak fineray yo, gen ladan sèvis antèman ak inimasyon yo, nan tout eta a.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout operatè sèvis relijye ak fineray yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman nan egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak sèvis relijye ak fineray yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Direktiv sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Distans Fizik	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Pou nenpòt sèvis relijye oswa fineray, limite kapasite fidèl/patisipan yo ak: <ul style="list-style-type: none"> • Rejyon ki nan Faz 1 yo, pa plis pase 10 moun pou nenpòt sèvis ki ap fèt andedan oswa deyò. • Rejyon ki nan Faz 2 ak 3 yo, pa plis pase 25% nan okipasyon maksimòm pou yon espas patikilye pou sèvis ki ap fèt andedan; oswa pa plis pase 25 moun pou sèvis ki ap fèt deyò. • Rejyon ki nan Faz 4 yo, pa plis pase 33% nan okipasyon maksimòm pou yon espas patikilye pou sèvis ki ap fèt andedan yo; oswa pa plis pase 50 moun pou sèvis ki ap fèt deyò yo. <ul style="list-style-type: none"> • Si bilding separe yo disponib pou itilizasyon, gendwa genyen plizyè gwoup 10 nan bilding separe yo an menm tan ak Faz 1 an; yon maksimòm 25% nan bilding separe yo an menm tan nan Faz 2 ak 3 yo; oswa yon maksimòm okipasyon 33% nan bilding separe yo an menm tan nan Faz 4 la, depi bilding yo genyen antre ak sòti separe ki endike epi gwoup yo pa entèaji. ✓ Yon distans omwen 6 pye dwe kenbe pami tout moun yo tout tan, amwenske sekirite oswa aktivite prensipal la egzije yon distans ki pi kout (pa egzanzp kwòkmò) oswa moun yo se manm menm fanmi an. Sepandan, nenpòt aktivite chante dwe genyen yon sistans 12 pye ant moun yo, ki ka anba lòt mezi pwoteksyon anplis. ✓ Nenpòt lè anplwaye, volontè, ak/oswa patisipan yo dwe vini nan yon distans 6 pye youn ak lòt (oswa 12 pye, si yo ap chante), yo dwe pote yon kouvèti pou figi ki akseptab, amwenske yo se manm menm fanmi an. ✓ Entèdi itilizasyon ti espas yo (pa egzanzp asansè yo, veyikil yo) ak pa plis pase yon moun alafwa, amwenske tout moun yo pote kouvèti pou figi. Si yo genyen plis pase yon moun, kenbe okipasyon an anba 50% kapasite maksimòm nan. ✓ Entèdi manm yo kenbe men oswa bay lanmen ak fanmi deferan yo pandan sèvis oswa priyè yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Limite prezans an pèsòn nan pèsònèl la ak sèlman anplwaye/volontè ki nesèsè yo. ✓ Modifye itilizasyon ak/oswa redwi kantite pèsòn yo (pa egzanzp podyòm yo) ak espas pou moun chita yo, dekwa pou manm pèsònèl yo, volontè yo, ak patisipan yo genyen omwen 6 pye youn ak lòt nan tout direksyon epi dekwa pou yo pa pataje pès oswa chèz san netwayaj ak dezenfeksyon avan yo itilize yo, amwenske tout moun yo se manm menm fanmi an. ✓ Òganize sèvis deyò yo (pa egzanzp pou rasanbleman relijye yo, sèvis fineray bò tonm sèlman yo) ak/oswa bay opsyon sèvis adistans (pa egzanzp difizyon andirèk, retransmisyon AM/FM), lè sa posib. ✓ Ofri enskripsyon davans pou jere kapasite. ✓ Chanje oswa retire pratik ki enplike kontak sere oswa pataje bagay pami manm fanmi diferan yo (pa egzanzp yon vwayaj nan machin oswa limouzin ant pozisyon yo, bay manje/bwason pou patisipan yo avan, pandan, oswa apre evènman oswa sèvis la). ✓ Òganize sèvis sou machin yo. Asire patisipan yo rete nan veyikil la yo te rive a epi ke yo pa entèaji fizikman avèk klèje a, anplwaye yo, oswa patisipan yo nan lòt veyikil yo; veyikil yo ta dwe genyen sèlman yon sèl fanmi, epi machin yo dwe omwen 6 pye youn ak lòt oswa itilize espas paking altène. ✓ Redwi sikilasyon a pye nan afiche pano avèk flèch nan lale, koulwa, oswa ban legliz yo.



Re-ouvèti New York

Enstriksyon pou Sèvis Relijye ak Fineray yo

Enstriksyon sa yo aplike pou tout rasanbleman relijye ak fineray yo, gen ladan sèvis antèman ak inimasyon yo, nan tout eta a.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout operatè sèvis relijye ak fineray yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman nan egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak sèvis relijye ak fineray yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Direktiv sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Distans Fizik (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Limite aktivite ki enplike chante yo (pa egzanp koral, chantè solo, chant, gwoup mizikal), amwenske ka genyen 12 pye distans ant moun yo oswa distans fizik anplis oswa baryè fizik yo kapab redwi transmisyon goutlèt respiratwa yo. ✓ Etabli espas ki dezinye pou kòlèk ak livrezon yo. 	
Ekipman Pwotektif	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Travayè yo dwe bay travayè yo yon kouvèti pou figi akseptab san peye epi prepare yon apwovizyonman kouvèti sifizan nan ka ranplasman. ✓ Kouvèti vizaj ki akseptab yo gen ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman, mask ki fèt ak twal yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foulà), mask chirijikal yo ak mask pwoteksyon pou figi yo. ✓ Yo egzije kouvèti pou figi nan tout tan sof pandan yo chita, depi tout moun yo genyen 6 pye youn ak lòt sof pou manm fanmi yo. Lidè, ofisyan, volontè relijye yo, ak/oswa patisipan yo dwe prepare pou mete yon kouvèti pou figi si yon lòt moun vini sanzatann nan yon distans 6 pye (pa egzanp lè yo ap mache pou ale nan chèz yo). ✓ Kouvèti pou figi dwe pwòp oswa ranplase apre l fin itilize epi li pa ka pataje. Tanpri konsilte direktiv (guidance) Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) a pou enfòmasyon anplis sou kouvèti pou figi yo ak lòt tip ekipman pwoteksyon pèsonèl (personal protective equipment, PPE), ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak netwayaj yo. ✓ Si yo bay yon gwo wòb oswa lòt rad, asire yo pwòp epi yo lave lè yo fin itilize. ✓ Fòme travayè yo sou fason pou mete, retire, netwaye (jan sa aplikab), ak jete PPE yo. ✓ Limite pataj objè yo (pa egzanp, tèks, plato kòlèk relijye yo) ansanm ak touche sifas ki pataje yo (pa egzanp ban legliz yo, enstriman yo, pòt yo, ranp yo); oswa, egzije moun yo pote gan lè yo an kontak avèk objè yo pataje oswa sifas yo touche souvan yo; oswa, egzije moun yo dezenfekte men yo oswa lave men yo avan ak apre kontak. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Plase plato/bwat pou don yo nan pozisyon santral avèk pwotokòl distans ki kòrèk pou respekte. ✓ Retire tèks relijye yo nan ban legliz yo oswa ban yo, epi ankouraje kongregasyon an pote pwòp pa yo. ✓ Si koral/gwoup mizikal yo respekte mezi distans sosyal amelyore yo, ankouraje manm yo lave pwòp gwo wòb pa yo a lakay yo epi pote pwòp enstriman yo, kote sa posib. ✓ Adapte kèk pratik relijye yo ki tradisyonèlman egzije kontak sere dekwa pou redwi kontak ant moun yo. ✓ Vide basen dlo yo oswa lòt sèvis oswa aktivite seremoniyèl ki gen rapò ak dlo ki pataje yo.



Re-ouvèti New York

Enstriksyon pou Sèvis Relijye ak Fineray yo

Enstriksyon sa yo aplike pou tout rasanbleman relijye ak fineray yo, gen ladan sèvis antèman ak inimasyon yo, nan tout eta a.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout operatè sèvis relijye ak fineray yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman nan egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak sèvis relijye ak fineray yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Direktiv sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Respekte egzijans ijyèn, netwayaj, ak dezenfeksyon ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) yo ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) a epi kenbe sou sit la rejis netwayaj ki dokimante dat, lè, ak kantite netwayaj la. ✓ Bay epi kenbe estasyon ijyèn men sou plas, ansanm ak lave men ak savon, dlo, ak papyè, ansanm ak dezenfektan pou men ki fèt a baz alkòl ki gen 60% oswa plis alkòl pou espas kote lave men pa posib. Yo dwe plase dezenfektan pou men abaz alkòl nan tout pozisyon an. ✓ Bay founiti pou netwaye/dezenfekte epi ankouraje patisipan yo sèvi avèk yo anvan ak apre itilizasyon sifas lòt moun itilize ak touche souvan, epi pratike ijyèn men apre sa. ✓ Asire yo respekte règleman distans sosyal yo nan twalèt yo nan redwi kapasite yo, kote sa posib. ✓ Netwaye ak dezenfekte regilyèman pozisyon oswa etablisman an epi reyalize netwayaj ak dezenfeksyon pou espas ki anba gwo risk moun itilize yo (pa egzanp twalèt yo) ak pou sifas yo touche souvan yo, nan itilize pwodwi Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ke Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Agency, EPA) la idantifye kòm efikas kont COVID-19. ✓ Si netwayaj oswa dezenfeksyon pwodwi oswa zak netwayaj ak dezenfeksyon an lakòz pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl yo (pa egzanp relik relijye yo), mete an plas pòs ijyèn men yo, founiti gan, ak/oswa limite kantite moun ki ap touche materyèl sa yo. ✓ Pou sèvis ki gen rapò ak fineray yo, entèdi touche, anbrase, oswa bo kò yon moun mouri ke yo te konfime oswa sispèk ki te gen COVID-19, dapre enstriksyon CDC a. ✓ Entèdi moun pataje manje oswa bwason (pa egzanp repa ak bwason moun ka sèvi tèt yo). 	



Re-ouvèti New York

Enstriksyon pou Sèvis Relijye ak Fineray yo

Enstriksyon sa yo aplike pou tout rasanbleman relijye ak fineray yo, gen ladan sèvis antèman ak inimasyon yo, nan tout eta a.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout operatè sèvis relijye ak fineray yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman nan egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak sèvis relijye ak fineray yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Direktiv sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Kominikasyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Afime ke ou te revize ak konprann enstriksyon Eta a te pibliye sou endistri a, epi ou ap aplike yo. ✓ Afiche siyalizasyon nan tout etablisman an pou raple moun yo pou respekte ijyèn nòmal la, prensip distans sosyal yo, itilizasyon nòmal PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo. ✓ Afiche byen klè plan sekirite yo nan sit la. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ devlope yon plan kominikasyon pou anplwaye yo, vizitè yo, ak fidèl, ki ladan enstriksyon ki aplikab yo, fòmasyon, siyalizasyon, ak mwayen konsistan pou bay moun yo enfòmasyon. Itilize paj sitwèb yo, gwoup tèks ak imèl yo, ak kanpay medya sosyal yo.
Depistaj	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Reyalize evalyasyon depistaj sante (pa egzanp kesyonè, verifikasyon tanperati) pou anplwaye yo, lidè relijye yo, ak volontè yo (men pa pou patisipan yo), poze yo kesyon sou (1) sentòm COVID-19 yo nan 14 jou pase yo, (2) tès COVID-19 pozitif nan 14 jou pase yo, ak/oswa (3) kontak sere ak yon ka COVID-19 konfime oswa sispèk nan 14 jou pase yo. Yo dwe revize repons yo epi yo dwe dokimante revizyon sa a. ✓ Yo pa dwe otorize yon moun ki depiste pozitif pou sentòm COVID-19 yo antre nan espas rasanbleman an epi yo dwe voye li lakay li ak enstriksyon pou kontakte founisè swen sante li pou evalyasyon ak tès. ✓ Si yon anplwaye oswa lidè relijye teste pozitif pou COVID-19, avize imedyatman depatman sante eta ak lokal yo epi kolabore avèk efò pou retrase kontak yo, gen ladan notifikasyon sou kontak posib ki te gen kontak sere avèk travayè a, pandan yo ap kenbe konfidansyalite lwa ak règleman eta ak federal yo egzijje a. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Fè depistaj yo a distans (pa egzanp nan telefòn oswa ankèt elektwonik), anvan moun yo rive, nan mezi sa posib. ✓ Moun ki ap fè depistaj la dwe kowòdone pou anpeche moun yo melanje nan kontak sere ak youn lòt avan fen depistaj la. ✓ Se moun ki abitye ak pwotokòl CDC, DOH ak OSHA yo ki dwe fòme moun k ap fè depistaj yo epi yo dwe mete ekipman pwoteksyon (PPE) ki apwopriye, ki gen ladan omwen, yon pwoteksyon figi. ✓ Kenbe yon rejis tout tan pou chak moun, gen ladan travayè ak vizitè yo, ki gendwa gen kontak sere ak lòt moun nan sit oswa epas rasanbleman an; san konte livrezon ki fèt ak PPE ki apwopriye oswa pa mwayen san kontak yo. Yo pa egzijje rejis la pou kenbe yon lis patisipan. ✓ Ankouraje, men pa òdone, patisipan yo reyalize depistaj la epi bay enfòmasyon sou kontak yo, dekwa pou yo ka anrejistre ak kontakte yo pou trasaj kontak, si sa nesèsè. ✓ Konsilte "Enstriksyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive yo Retounen Travay Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la konsènan pwotokòl ak politik pou anplwaye yo ki ap chèche retounen travay apre ka COVID-19 yo sispèk oswa yo konfime oswa apre anplwaye a te genyen kontak sere oswa pwòch avèk yon moun ki gen COVID-19.